# Баркула тІаде щвараб ЦІияб 1442 абилеб сон!

*Ассаламу гІалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№30 (60550) * 2020 с. * 24 август * 5 мухІаррам * 1442 с. * итни *


*цIиял харбал*

## РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛ БЕТІЕРГУН ДАНДЧІВАЙ

**Гьаб соналъул 19 августалда Дагъистан Республикаялъул бетІер В. Васильев дандчІвана Россиялъул Следственнияб комиталъул Дагъистан Республикаялда бугеб управлениялъул цIияв тIамурав нухмалъулев А. Щуровгун. ДандчIваялда гьоркьор лъун хал гьабуна терроризмалда дандечIей гьабиялъул, экономиялда ва социалияб гIуцIабазда законал цIуниялъул, коррупциялда данде рагъ гьабиялъул суалазул.**

Россиялъул президент В. Путиница гъулбас гьабуна Россиялъул Следственнияб комиталъул Дагъистан республикаялда бугеб управлениялъул нухмалъулевлъун Анатолий Щуров тIамизе.

1991 соналда Воронежалъул пачалихъалъулаб университет лъугIаралдаса нахъе байбихьана генерал – майор А. Щуровасул хIалтIул хIалбихьи прокуратураялъул гIуцIабазда. 2003 соналда тIамуна Липецк областалъул прокурорлъун, 2007 соналда вахъана Липецк областалъул регионалияб прокуратураялда цебе бугеб Следственнияб управлениялъул нухмалъулевлъун. 2011 соналда Россиялъул Следственнияб комитет гIуцIарабго нухмалъи гьабуна Липецк шагьаралъул управлениялъе, 2017 соналда тIамуна Орлов областалъул Следственнияб комиталъул управлениялъул нухмалъулевлъун.



Сураталда: ДандчIваялда.

## Соназде рахинчІел лъималазда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул комиссиялда

**Гьал къоязда районалъул администрациялда тIобитIана соназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комиссиялъул данделъи.**

Гьениб гьоркьоб лъун хал гьабулел суалазул аслияблъун букIана букIине кколеб къагIидаялъ умумузул тIадал ишал ХIасанова Эльмираца тIуразарулеб гьечIолъиялъулги.

Рехсолеб хъизан буго Хьаргаби жанисел ишазул соназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспекциялъул сияхIалда, гьединлъидал инспекциялъул хIалтIухъаби гIемерал щола гьеб хъизамалде ва тIоритIула профилактикаялъулал гара – чIвариял.

Гьедин букIаниги гьеб хъизамалъ жидедаго тIадал ишал тIуразарулел гьечIо.

Комиссиялъ хIукму гьабуна кIиго чIахIиял лъимал заманаялъ соназде рахинчIел лъималазул социалиял учреждениязде ритIизе.

Гьелъ рес кьезе буго гьеб хъизамалда жидерго бугеб ахIвал – хIал бичIчIизе ва букIине кколеб къагIидалда минаялда ремонталъулал хIалтIаби гьаризе.

**Суратазда:**
комиссия хIалтIуда





*Тарихалъул балъгоял тIанчал*

# ШАМИЛИЛ ВАС ЖАМАЛУДИН РОССИЯЛДА



*( Цебесеб 28-29 аб. номеразда)*

1854 соналъул сентябралда асирал эркен гьариялъул рахъалъ Шамилилгун кьотIи – къаял гьаризе лъугьана князь Д. А. Чавчавадзе. Шамилица гьесда цере чIванкъотIарал шартIал лъуна. Гьел шартIазда рекъон Жамалудинги, ХIамзати ва цогидалги магIарулал ватIаналде тIадруссинаризе кколел рукIана. Гьеб гуребги гIурусаз тIадеги кьезе кколеб букIана кIудияб къадар гIарцул. Гьел кьотIи-къаяздаса хадуб гIурусазул хIакимзабаздаги божичIого, Шамилица тIалаб гьабуна гьев тIадвуссине рази вугищали лъазе Жамалудинихъе вакил витIизе жиндие рес кьеян. Шамилица лъазе гьабуна тIад вуссине разилъичIони жинца гьев васлъун рикIкIине гьечIиланги.

1854 соналъул октябралда асирал эркен гьариялъул рахъалъ Шамилица цере лъурал киналго шартIалги рехсон Кавказалъулаб корпусалъул главнокомандующий Н. А. Радеуца доклад хъвала рагъулав министр князь В. А. Долгоруковасухъе, гьес Николай -1 -сесде лъазабизелъун.

Гьеб докладалда генерал Г.Д. Орбелианица ва полковник барон Л. П. Николаица загьир гьарун руго жидерго пикрабиги. Гьез хъвалеб буго: Шамилил вас инсухъе тIадвуссинавиялъ нилъее абизегIанасеб зарал гьабилин кколаро, щайгурелъул живго Шамилил гуреб, гьесул лъималазул Дагъистаналда кIудияб машгьурлъи – цIар гьечIелъул. Гьелъул гIаксалда, гьеб иш нилъее хадубккун пайдаяблъун букIинецин бегьула, щайгурелъул Шамил хун хадуб жив бищун кIудияв вас вукIиналдаса пайдаги босун Жамалудиница хIаракат бахъизе бегьула инсул ирсилавлъун, ай имамлъун ккезе. Гьелъ вацазда гьоркьоб дагIбарагIи ккезабичIого хутIиларо, нилъее къваригIараб жоги гьеб буго».

Гьоркьоб кIиго анкь иналде В. А. Долгоруковас Н. А. Радеухъе бачIараб жавабалда хъвалеб буго Шамилил вас тIадвуссинавиялъе пачаяс инкар гьабулеб гьечIин, амма гьес къвакIун лъазабулеб бугин гьеб ишалъулъ гьоркьохъанлъи гьабизе Шамилил вакил хIажат вугищали поручик Жамалудинида гьикъеян. Жамалудиница гьеб хабар кин кьабул гьабурабали жиндирго дневникалда хъван буго Н. Н. Муравьевас.

«Дун доб мехалда Варшавалда вукIана. Дихъе буюрухъ бачIана асиразухъхисун инсухъе тIадвуссине рази вугищан Жамалудинида гьикъеян. Дир суалалъ Жамалудин битIахъего вихахочизавуна. Гьес рехун тезе кколеб букIана Россияги, хирияб полкги, гьудулзабиги. ГIолохъанчиясе захIмалъана дие циндаго жаваб кьезе, гьединлъидал дицаги гьев гIедегIизавичIо ва ургъизе заман кьуна. СагIатгун бащдалъ кабинеталда, рачIунел унезул щибниги кIварги гьабичIого, дове-гьаниве вилъанхъулев, цIакъго рахIат хун вукIана гьев. Ахиралдаги, эбел-инсудеги ВатIаналдеги тIабигIаталъ чорхолъ лъураб рокьи бергьараб кьагIида буго, гьес цо ургъалилъго гIадин абуна жив ВатIаналде тIад вуссине разияв вугилан.

Разилъи загьир гьабун жиндирго кквералъ хъвараб гьесул кагъат дица Петербургалде битIана, гьевги заманаялъ полкалде ана».



ЦIунун хутIун буго 1854 соналъул 8 ноябралда гренадерскияб корпусалъул штабалъул начальникасухъе гьес хъвараб рапортги; «ТIадегIанав пачаясул ихтияралдасан инсухъе тIад вуссине дун разияв вуго, гьединлъидал гьоркьохъанлъи гьабизе инсуца витIулев вакил хIажат гьечIевлъун рикIкIуна».

1854 соналъул 22 ноябралда гьеб киналъулго хIакъалъулъ доклад щварав Николай I-сес Жамалудин жиндихъего Петербургалде ахIана. Гьеб дандчIвалъул хIакъалъул Н. Н. Муравьевас жиндирго дневникалда гьадин хъвалеб буго. «Пачаяс гьев хIеренго кьабул гьавуна, нухда харжалъе гIарац кьуна, жиндирго ракьалда тIадвуссине гьес гьабураб кьасдалдаса жив рази вугинги абун эбелаб ВатIаналъеги инсуеги ритIухъавлъун вукIиналъухъ лъикIаб рецц-бакъги гьабуна. Кавказалъулаб корпусалъул главнокомандующийлъун тIамурав, дун Москваялдаса Кавказалде ине хIадурлъулев вукIаго гьениве тIаде щвана Жамалудин».

Гьедин 1855 соналъул 4 январалда Петербургалдаса маххул нухалъ къватIиве вахъарав Жамалудин Москваялдеги лъалхъун, кватIичIого Ставрополалде щола. Хадувцунго гьениве вачIарав Муравьев, Жамалудиние Владикавказалде ине бихьизабиги кьун гьеб мухъалда бугеб ахIвал-хIал лъазабизе уна. ТIад вуссун Владикавказалде вачIунев Н. И. Муравьевасда хадув гьола Д. А. Чавчавадзе. Гьесдаги полковник Л. П. Николаидаги тIал къан букIана асирал хисиялъул иш гIуцIизе. Жамалудинги вачун Л. П. Николайица бетIерлъи гьабулеб полкалъул штаб рещтIараб Хасавюрталде гьел щвараб мехалда гьенире рачIуна Шамилил вакилзаби. Гьезда вихьула гIурусаз хисизехъин вугев чи хIакъикъаталдаги Шамилил вас вукIин ва разиго нахъе уна.

1855 соналъул 6 абилеб марталда кIиябго рахъалъ цоцаздаги дандран тIуранго баян гьарула асирал хисиялъул хадусел шартIал: гIурусаз Жамалудин, 16 магIарул асир ва хъахIаб гIарцул 40 азарго гъурущги кьезе, Шамилица Чавчавадзел, Орбелианил хъизамал ва гуржиязул 16 асирги кьезе.

1855 соналъул 10 марталда Куринское абулеб щулалъиялда аскIоб Мичик гIорул рагIалда ккараб гьеб иш букIана, бакIалда рекъон, цIакъго кIвар цIикIкIараблъун ва гьеб гIуцIана байрам кинигин. Гьениб гIахьаллъи гьабулел муридазул киназдаго ретIун букIана чIегIераб ретIел, борчун букIана чIухIараб ярагъ, рекIун рукIана чIегIерал чуял. ГIицIго гьезие бетIерлъи гьабулев Шамилил кIиабилев вас ГъазимухIамад вукIана хъахIаб башлихъги ретIун хъахIаб чуги рекIун.

Жамалудин вукIана гIарцул цIурал гьакалгун муридазда киданиги рихьичIел алатал тIагIелалгун. Гьес цадахъ росун рукIана гIемерал къиматал тIахьал, къалмал, батIи-батIиял рельенал гьединго гIурусазул хIакимзабаз ритIарал сайгъаталги.

1855 соналъул 31 марталда В. А. Долгоруковас Н. Н. Муравьевасухъе хъвалеб буго: «Россиялъул цIияв император Александр кIиабилесе лъазе бокьун буго асиразул хис-бас кин арабали. Гьединго гьес гьикъулеб буго Шамилил сверухъалъиялда Жамалудинил рагIи бильлъиналде, гьесул къадру – къимат цIикIкIиналде хьул гьабизе бегьулищан. Пачаяс нахъеги гьикъулеб буго жиндир ракьцоязул гIумруялъул шартIал лъикIлъизариялъе нилъеца бахъулеб бугеб хIаракаталъулги бищун цо рес ккараб мехалъ нилъее пайдаяб хIаракатчилъиялде гьев вуссинавизе кIвезе бугищ дуда абун».

Гьел суалазе Н. Н. Муравьевас жаваб битIана гIицIго 1855 соналъул 4 августалда жиндихъе гьеб щвараб лахIзаталъго В. А. Долгоруковас доклад гьабун буго пачаясеги. Гьениб Кавказалъулаб корпусалъул главнокомандующияс хъвалеб буго: «Дихъе щварал баяназда рекъон, Жамалудиние цIакъго захIмат буго цIияб ахIвал-хIалалда гIумру гьабизе. Гьесда ричIчIулел гьечIо жинда сверухъ ругел гIадамазул пикраби, ругьунлъизе кIолеб гьечIо бакIалъулал гIалхулал гIадатазде.

Маллабаз, гIалимзабаз хIаракат бахъулеб буго гьесда авар ва гIараб мацI малъизе.

Гьеб киналъго ва хъамалчилъиялъулал чабхъеназе бетIерлъи гьабизе гьес чанцIулго инкар гьабиялъ Шамилилъ разилъи гьечIолъи бижизабун буго, амма гьесда щибго абулеб гьечIо ва рес кканщинахъе жиндирго инсулаб хIеренлъи бихьизабулеб буго. ШаригIаталъул къвакIарал гIадатазда данде кколеб гьечIониги, Шамилица гьев махIрум гьавун гьечIо барон Николаица Даргъоре ритIун рачIунел гIурус журналаздасацин».

Жамалудин Россиялдаса тIадвуссиналъул нугIлъун вукIарас абуни гьадин хъвалеб буго:

ТIадвуссун хадуб Жамалудиница лъай-хъвай гьабуна Шамилилги халкъалъулги бугеб ахIвал-хIалалъулгун, хал гьабуна аскаралъул, артиллериялъул гIуцIиялъул, гIадлу-низамалъул ва рази гьечIого хвтIана. Гьеб кинабго гьес рикIкIана цIакъго гIей гьечIеблъун, хашаблъун ва чIемегIаблъун.

Жамалудиница Шамилида бицана гIурус пачаясул къуваталъул, гьесул ракьалъул кIодолъиялъул, аскаразул гIемерлъиялъул, бечелъиялъул хIакъалъулъ ва инсуда гьарана гьесулгун рекъел гьабеян.

Гьеб хабаралъ Шамилил кутакалда ццин бахъинабуна. Гьелдаса хадуб Шамилилги вацазулги Жамалудинидехун лъикIаб гуреб бербалагьи букIана. Гьединлъидал Жамалудин кидаго пашманго, ракIбакъван вукIунаан. ГIезегIанго лъикI рагъулал ва цогидалги ишал лъалел рукIаниги, инсул рикIкIаде цIцIан чIеялъ гьесие рес ккечIо жиндирго лъай ВатIаналъе ва халкъалъе гIоло хIалтIизабизе.

ГIемер мех иналде гьесда унти ккана, квешаб хIалцен речIчIана ва гьелъул хIасилалда 1857 соналъ КIаратIа росулъ хвана. Гьенив вукъунги вуго.

*(Хадусеб букIине буго)*

## Список кандидатов в депутаты Собрания депутатов МО "село Гергебиль"

1. Абдулахатов Абдулмаджид Абдулахатович, 01.03.1971 год рожд.
2. Абдулмеджидов Гамзат Гамзатович, 12.01.1995 год рожд.
3. Азизов Шамиль Багавудинович, 17.04.1973 год рожд.
4. Алиев Магомед Шарабудинович, 21.06.1986 год рожд.
5. Гусейнов Магомед Алиевич, 27.03.1987 год рожд.
6. Гусейнов Омар Гусейнович, 17.06.1991 год рожд.
7. Загидов Магомед Абакарович, 20.10.1965 год рожд.
8. Ибрагимов Ибрагим Иманшапиевич, 27.04.1960 год рожд.
9. Идрисов Магомед Абдулахатович, 28.04.1954 год рожд.
10. Идрисов Шарабудин Магомедович, 06.11.1974 год рожд.
11. Курахмаев Гамза Маратович, 01.02.2000 год рожд.
12. Магомедгаджиев Абдулкарим Омарович, 19.10.1990 год рожд.
13. Магомедов Али Гамзатович, 25.08.1958 год рожд.
14. Магомедов Арсен Жарбашмагомедович, 23.08.1987 год рожд.
15. Магомедов Багавудин Алиевич, 23.08.1988 год рожд.
16. Магомедов Багавудин Гамзатович, 28.09.1975 год рожд.
17. Магомедов Магомед Абдулмеджидович, 14.03.1963 год рожд.
18. Магомедов Муса Хизриевич, 11.10.1969 год рожд.
19. Магомедов Шамиль Далгатович, 01.08.1983 год рожд.
20. Магомедов Шамиль Магомедович, 21.10.1992 год рожд.
21. Махмудов Арсен Гимбатович, 26.01.1973 год рожд.
22. Мусаев Магомед Ибрагимович, 29.08.1968 год рожд.
23. Мусаев Ханипа Магомедович, 26.12.1958 год рожд.
24. Омаржанов Магомед Шамилович, 17.08.1995 год рожд.
25. Омаров Магомед Багавудинович, 22.03.1969 год рожд.
26. Омаров Магомед Гамзатович, 11.05.1990 год рожд.
27. Увайсов Абдула Багавудинович, 22.11.1997 год рожд.
28. Шапиев Магомед Алибегович, 04.03.1980 год рожд.

## Список кандидатов в депутаты Собрания депутатов МО "сельсовет Могохский"

1. Гитинов Гайдарбег Гасанович, 06.06.1987 год рожд.
2. Джамалудинов Магомедмирза Абакарович, 23.02.1969 г. рожд.
3. Кайтмазов Ахмед Даитбегович, 24.05.1968 год рожд.
4. Магомедов Ахмед Мирзалаевич, 01.08.1977 год рожд.
5. Магомедов Магомед Абдулгамидович, 14.07.1953 год рожд.
6. Магомедов Муртазали Абдулмажидович, 08.03.1978 год рожд.
7. Магомедов Сагло Ахмедович, 12.12.1971 год рожд.
8. Муртузов Муртазаали Магомедович, 15.02.1976 год рожд.
9. Салихов Ахмед Гаджиевич, 01.02.1982 год рожд.
10. Юсупов Хизри Юсупович, 01.05.1980 год рожд.

## Список кандидатов в депутаты Собрания депутатов МО "село Аймаки"

1. Абидов Магомед Гаджидадаевич, 24. 09. 1983 год рожд.
2. Алимирзаев Магомед Алимирзаевич, 20.05.1992 год рожд.
3. Ахмедов Магомед Абусупиянович, 02.09.1966 год рожд.
4. Баширов Магомед Гаджиевич, 05.07.1960 год рожд.
5. Гаджимагомедов Магомед Иманшапиевич, 09.10.1988 г. рожд.
6. Газиев Шамил Магомедалиевич, 01.05.1972 год рожд.
7. Гасангусейнов Магомед Ахмедович, 31.10.1983 год рожд.
8. Зиявудинов Махач Зиявудинович, 19.01.1996 год рожд.
9. Курахмаев Магомед Магомедович, 26.04.1983 год рожд.
10. Латипов Гаджи Абдулатипович, 27.02.1984 год рожд.
11. Магомедов Магомед Багавудинович, 13.08.1994 год рожд.
12. Магомедов Магомед Саидович, 05.07.1984 год рожд.
13. Магомедов Омар Асхабалиевич, 07.12.1986 год рожд.
14. Мамаев Магомед Ахмедович, 24.01.1989 год рожд.
15. Муртазаев Расул Абдулаевич, 02.06.1966 год рожд.
16. Омаров Хизри Джаватханович, 21.09.1971 год рожд.
17. Сулейманов Магомед Гаджимурадович, 08.12.1981 год рожд.
18. Тагиров Хабиб Асхабович, 31.08.1993 год рожд.
19. Хайиров Магомед-Хайир Абдулхалимович, 17.06.1980 г. рожд.
20. Ханов Магомедхан Магомедович, 19.11.1992 год рожд.
21. Шейхов Ахмед Абдулмеджидович, 21.09.1975 год рожд.

## Список кандидатов в депутаты Собрания депутатовМО "село Маали"

1. Абдулаев Нажмудин Магомедович, 10.06.1988 год рожд.
2. Магомедгаджиев Газимагомед Магомедович, 07.08.1979 г.рож.
3. Магомедов Багаудин Ибрагимович, 01.09.1955 год рожд.
4. Магомедов Гаджимурад Джаватханович, 08.10.1980 год рожд.
5. Магомедов Курамагомед Иманшапеиевич, 10.07.1963 г. рожд.
6. Магомедова Марьям Магомедовна, 20.06.1989 год рожд.
7. Магомедова Эльмира Магомаевна, 17.05.1978 год рожд.
8. Омаров Гаджимагомед Алиевич, 17.04.1963 год рожд.
9. Омаров Омар Давудихмаевич, 15.10.1990 год рожд.
10. Омаров Шамиль Магомедович, 10.08.1983 год рожд.
11. Омаров Шейхмирзалмагома Омарович, 29.09.1954 год рожд.
12. Сурхаев Сурхай Абдулаевич, 23.02.1983 год рожд.

## Список кандидатов в депутаты Собрания депутатов МО "сельсовет Кикунинский"

1. Абдулатипов Юнус Сиражудинович, 12.02.1978 год рожд.
2. Абдуразаков Хабиб Абдуразакович, 22.10.1990 год рожд.
3. Алиев Рамазан Османович, 01.01.1967 год рожд.
4. Алиева Хадижат Маданиевна, 08.06.1986 год рожд.
5. Асланбегов Магомедхабиб Шихабудинович, 23.05.1976 г. рожд.
6. Исмаилов Сапади Гамзатович, 22.10.1985 год рожд.
7. Магомедов Багавудин Алимусаевич, 05.08.1982 год рожд.
8. Магомедов Махач Багавудинович, 18.02.1988 год рожд.
9. Магомедова Айшат Мусаевна, 21.11.1983 год рожд.
10. Микаилов Ахмед Курбанович, 25.02.1967 год рожд.
11. Нурмагомедов Нурмагомед Гамзатович, 18.03.1986 год рожд.
12. Омаров Осман Магомедович, 30.03.1986 год рожд.
13. Омарова Раиса Магомедовна, 20.11.1985 год рожд.
14. Османов Расул Магомедович, 11.06.1975 год рожд.
15. Османов Салим Курбанович, 27.04.1978 год рожд.
16. Саидов Сапади Идрисович, 16.03.1980 год рожд.
17. Сиражудинов Магомед Омарович, 28.03.1986 год рожд.
18. Сулейманов Магомед Омарович, 23.03.1964 год рожд.

## Список кандидатов в депутаты Собрания депутатов МО "сельсовет Дарада-Мурадинский"

1. Алиев Алжанбек Алиевич, 15.02.1977 год рождения
2. Алмасханов Алмасхан Алиевич, 01.11.1966 год рождения
3. Алмасханов Магомедрасул Алиевич, 25.01.1975 год рождения
4. Алхасов Магомед Алхасович, 01.01.1983 год рождения
5. Зайналов Газимагомед Госенович, 27.11.1990 год рождения
6. Закаригаев Исхак Магомедович, 28.08.1960 год рождения
7. Исрапилов Магомед Магомедович, 03.05.1961 год рождения
8. Магомедов Магомед Магомедович, 02.03.1954 год рождения
9. Магомедова Заграт Магомедовна, 29.09.1985 год рождения
10. Мусахмаева Аминат Шамиловна, 24.08.2000 год рождения
11. Раджабова Султанат Рамазановна, 10.10.1956 год рождения

## Список кандидатов в депутаты Собрания депутатов МО "село Кудутль"

1. Абдулмуслимов Магомед Шейхилавович, 14.04.1980 год рожд.
2. Гаджиев Мусагаджи Ражабович, 15.02.1983 год рожд.
3. Магомедов Гамзат Магомедхабибович, 02.08.1962 год рожд.
4. Маккашарипов Ансар Магомедович, 24.07.1987 год рожд.
5. Муртазалиев Али Магомедович, 13.07.1968 год рожд.
6. Омаров Магомед Алиевич, 30.05.1983 год рожд.
7. Омаров Шамиль Магомедович, 08.04.1978 год рожд.
8. Садрудинов Али Курамагомедович, 24.05.1971 год рожд.

## Список кандидатов в депутаты Собрания депутатов МО "село Курми"

1. Абдулгафуров Мухтар Тагирович, 14.03.1979 год рожд.
2. Ахмедов Масхуд Магомедович, 10.02.1969 год рожд.
3. Гитинов Магомедали Магомедович, 04.10.1958 год рожд.
4. Ибрагимов Али Ахмедович, 26.05.1985 год рожд.
5. Исаков Гусейн Магомедович, 18.11.1974 год рожд.
6. Магомедов Магомед Алиевич, 19.01.1997 год рожд.
7. Магомедов Магомед Магомедмансурович, 25.01.1994 год рожд.
8. Омаров Муслим Абдулхаликович, 26.10.1965 год рожд.
9. Тагиров Магомедбашир Магомедович, 20.04.1963 год рожд.

## Список кандидатов в депутаты Собрания депутатов МО "сельсовет Хвартикунинский"

1. Абдурапиев Магомедсайгид Ахмедович, 17.01.1971 год рожд.
2. Алиев Магомед Шарипович, 12.12.1968 год рожд.
3. Баталиев Мурад Магомедалиевич, 18.01.1980 год рожд.
4. Джамалудинов Джамалудин Магомедович, 27.11.1982 год рожд.
5. Ибнухажаров Ахмедхан Магомедович, 21.11.1976 год рожд.
6. Мирзаев Махмуд Ахмедович, 03.04.1966 год рожд.
7. Нажмудинов Нажмудин Арипович, 01.09.1976 год рожд.
8. Пахрулисламов Магомед Гусейнович, 10.01.1963 год рожд.
9. Сагитов Сайгидмагомед Сагитович, 01.06.1988 год рожд.
10. Тагиров Магомедамин Магомедович, 20.05.1968 год рожд.
11. Халилов Шамиль Гарунович, 29.07.1976 год рожд.
12. Шарипов Асадула Муртазалиевич, 27.03.1973 год рожд.

## Список кандидатов в депутаты Собрания депутатов МО "село Чалда"

1. Абдулмажидов Магомед Нурмагомедович, 25.03.1990 год рожд.
2. Абдурахманов Расул Гитинамагомедович, 25.09.1969 год рожд.
3. Абдурахманова Написат Айдимировна, 19.12.1972 год рожд.
4. Алиев Исрапил Магомедович, 31.10.1989 год рожд.
5. Дахадаев Магомед Ахмедгаджиевич, 04.06.1987 год рожд.
6. Магомедов Гусейн Абдулмеджидович, 16.06.1954 год рожд.
7. Магомедов Магомед Гасанович, 28.09.1983 год рожд.
8. Магомедов Магомед Магомедович, 12.03.1971 год рожд.
9. Магомедов Шамиль Магомедович, 12.01.1979 год рожд.
10. Шахбанов Магомедгаджи Тагирович, 21.03.1955 год рожд.

*Рузман къоялъул вагIза*

# Бичас витIун ккезавеги

Иманалъул асар гъечIев, Аллагь, авараг лъаларев,
Аварагасде рештIараб Къуръаналда божуларев,
Алжан-жужахI гъечIин чIолев, Бичас витIун ккезавеги.
Паризаяб как баларев, рузман базеги унарев,
Рамазаналъ кIал кколарев, закагIат, сахI бахъуларев,
ХIеж борхизе хиял гъечIев Бичас витIун ккезавеги.
ЧIахIиязул хъатир гъечIев, гIисиназда гурхIуларев,
ДандчIварасе салам кьечIев, бесдалазул боцIи кунев,
РацIцIададзе рогьрал ралев Бичас витIун ккезавеги.
Гьаваялда нахъ вилъунев, хъахIбалъи тун вукIунарев,
ХутIараб как бецIуларев, хутIараб кIал бецIуларев,
Чияр боцIи къан ккун чIолев Бичас витIун ккезавеги.
Чияр гIайиб цIакъ бихьулев, жиндирабго бахчун чIолев,
КъотIуе цIакъ сахаватав тIубазе ккани, бахилав,
НугIлъиялъе бегьуларев Бичас витIун ккезавеги.
ГIадамазе, чIухIдарулев, цIакъ хIал, хъубав, рак I чIегIерав,
Лъиего лъикIлъи гьабичIев, гьабулесе щибго кьечIев,
Гьукъаралъе рецц гьабулев Бичас витIун ккезавеги.
Риба кванан чехь биччарав, Бичасдаса хIинкъуларев,
ХIакъаб жо бицине ккани мацI лъалареб шайтIан гIадав,
Дармилъ гIемер гьедарулев Бичас витIун ккезавеги.
ГьечIелъе рецц гьабунани гьелдаса жив разилъулев,
ГIадамасул ракI бохулеб гьуинаб рагIи бицинчIев,
Хиянатчийин цIар щварав Бичас витIун ккезавегн.
Гьобол кIодо гьавуларев, гьесий хъулухъ гьабуларев,
Гьев вачIани, гьумер букIкIун къварилъанхъдизе лъугьунев,
Мадугьалихъ цIакъго квешав Бичас витIун ккезавеги.
Хъизаналъе пайда гьечIев, гIадамазе аслан гьечIев,
НигIматазе щукру гьечIев, балагьазе сабру гьечIев,
Садакъаде щибго кьечIев Бичас витIун ккезавеги.
Лъималазда дин малъичIев, лъидасаго нечоларев,
Нахъе кьезе къасд гьечIого гIададамахъа къарз босулев,
НахъегIанав, намус гьечIев Бичас витIун ккезавеги.
Хвалил зигара баларев, хвел букъизе жив унарев,
Эбел - инсул хабадецин къулгьуялде вахунарев,
КъабихIаб мацI кIалдиб хIалав Бичас витIун ккезавеги.
Гъибат, бугьтан гьуинлъарав, гьереси гIемер бицунев,
ГIагарлъиги, цIехоларев, гIагарлъигун барщун чIолев,
Лъилго хIажат тIубаларев Бичас витIун ккезавеги.
БетIергьанги цIехечIого батараб жо бахчун чIолев,
Язихъасе заз гIадинав, заман гIадада биччалев,
НагIанаби гIемер кьолев Бичас витIун ккезавеги.
Эбел-эмен рази гьечIев, гьез малъараб гьабуларев,
Гьедараб гьаги биххулев, гьабураб тавбу кколарев,
Бицун, рагIи букIунарев Бичас витIун ккезавеги.
ГIадамазул х IакъалъулъгIи квешал пикраби гIемерав,
Квешаб гьабизе тIамулев, лъикIалдаса нахъе чIвалев,
Дунялалъухъ дин бичарав Бичас витIун ккезавеги.
Живго жинцаго веццулев, гIадамазда цIарал лъолев,
ЦIаруе жал гьарулаго налъи камун вукIунарев,
МацI духъе кьун ракI нахъ чIвалев, Бичас витIун ккезавеги.
ХIеж борхизе арал чагIи базаралъ анилан чIолев,
Чияде бачIараб балагь тIохде бараб цIадлъун ккolев,
Барахщарав, цIакъ къарумав, Бичас витIун ккезавеги.
Как балесда рагIулелъуб калам камун вукIунарев,
Кунеб кваний гIурхъи гьечIев, лъим ккедал черх чуруларев,
Балъгояб рагIи кколарев Бичас витIун ккезавеги,
Квешаб тезе лъикIаб ккевзе киназего квербакъаги.



**ЖагIнариласул СагIид**
**ГьаракIуниб росу**

*Нужое пайдаялъе*

# Пенсиялъул къадаралда рази гьечIони

**Дир хъизан гьаюна 1965 соналда, лъимер – инвалид букIинги хIисабалде босун гьей ана пенсиялде. Гьелъул захIматалъул хIалбихьиялъул буго 20 гIагарун сон. Тарбия кьун гIезе гьаруна ункъго лъимал. ЦохIо гьезда хадуб бербалагьи гьабуралъухъ гьелъие хIалтIул хIалбихьиялде тIадеги жубазе кколаан 12 сон. Щуго соналъ цебе пенсия чIезе гьабулаго абун букIана 60 сониде яхараб мехалъ перерасчет гьабулин пенсиялъул гьеб мехалда хIисабалдеги босулин кинабго – ян. Гьанже абуна расчет гьабун бугин битIунилан. Щиб гьабизе бегьулеб пенсия чIезе гьабулез хIисаб мекъи гьабун бугони?**

Киса дуца босараб лъималазда хадуб бербалагьи гьабуралъухъ 12 сон букIине кколин? Законалда рекъон страхалъулаб хIалтIул хIалбихьиялде гьоркьобе умумузул цоязул уна лъимада хадуб бербалагьи гьабураб лъимер рикIкIун цо лъагIелгин 6 моцI, гIаммаб къадаралда 6 сонидаса цIикIкIун гьечIеб. Гьединго хIалтIул хIалбихьиялде гьоркьобе уна лъимер – инвалидалда хадуб бербалагьи гьабураб заманаги цогидал умумузул хIалтIул хIалбихьиялде пенсиялде унаго гьеб рикIкIун гьечIони. Бищунго цIикIкIараб гьелъие рикIкIине бегьулеб заман буго 6 сон.

ХIалтIул хIалбихьиялде гьоркьобе инчIеб заманалъул халгьабизе ккола гьорокьореги раккун. БукIине бегьула цо заманаялъ гьей официалияб къагIидаялда хIалтIулей йикIинчIого, яги хIалтIараб заман документалияб къагIидаялъ чIезе гьабизе кIвечIого. Кин букIаниги хIалтIул хIалбихьиялда гьоркьобе лъималазда хадуб гьабураб бербалагьи, цогидабги хIалтIараб заман ун батичIони кьезе ккола пенсионнияб фондалде гIарза гьеб гьоркьобе бачеян. Жавабги бачIине ккола хъваялдалъун. Гьединаб заман гьоркьобе бачине пенсионнияб фондалъ инкар гьабулеб бугони, нужер ихтияр буго судалдасан ритIухълъи тIалаб гьабизе.

## Объявление

Утерянный аттестат №011 54 32 об окончании 9 классов Гергебильской средней школы №2 на имя **Омарова Расула Омаровича** считать недействительным.

**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 20 августа 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00